



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON LISANS ALKÒL 38 BA ANPLIS  
POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS  
YO**

***Fòs entèkansyon milti-ajans lan te reyalize plis pase 7,000 verifikasyon konfòmite  
pandan semèn pase a, li te obsève 162 vyolasyon***

***Nouvo sispansyon pou ba yo nan Vil New York ak nan Long Island***

***Yo te sispann 132 lisans epi yo te depoze 707 akizasyon pandan pandemi  
COVID-19 la — lis mizajou a disponib [ISIT LA](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta a te sispann lisans alkòl pou 38 ba anplis nan Vil New York ak nan Long Island apre yo te jwenn vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki gen rapò ak pandemi an. Pandan semèn pase a, fòs entèkansyon milti-ajans lan — ke Lapolis Eta (State Police) a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a ap dirije a — te reyalize 6,887 verifikasyon konfòmite, li te obsève vyolasyon nan 162 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Gras ak travay di Nouyòkè yo, nou te atenn — epi nou te mentni — youn nan to enfeksyon ki pi ba nan peyi a, men kounye a se pa moman pou nou bese gad nou an. Nou pa pral pèmèt yon ti ponyen move aktè oswa biznis iresponsab yo frennen oswa ranvèse pwogrè New York la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa konsène aplikasyon, epi pandan anketè Eta a yo ap travay san fatig pou aplike konfòmite a, gouvènman lokal yo dwe entèveni epi fè djòb yo."

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare,** "Fòs entèkansyon an te travay di pou pwoteje sante piblik la epi li pral kontinye rann etablisman sa yo, ki panse yo anwo lalwa epi ke yo iminize kont pandemi sa a, responsab dèske yo ap mete an danje lavi Nouyòkè yo".

38 etablisman yo te bay òdonans ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority Board) a sitiye nan Vil New York ak nan Long Island, gen ladan:

**Bronx - 7**  
**Brooklyn - 6**  
**Manhattan - 12**  
**Queens - 10**  
**Staten Island - 2**  
**Nassau - 1**

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greeley Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Konsèy Konplè a nan dat 5 out, 6 out, 7 out, 8 out, 9 out ak 10 out, ke yo te reyalize atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman anba enstriksyon sou distans sosyal yo.

Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

Ba yo ke yo te sispann la nan lis anba la a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo a.

**"El Trono De Mexico Sports Bar" nan 38-19 69th Street nan Queens, nan dat 11 out 2020**

Nan dat 10 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève ke yo te vann alkòl san manje nan kat tab separe deyò restoran an, nan vyolasyon enstriksyon egzijans sou manje ke yo ap aplike pou anpeche rasanbleman ak melanj ki te mennen nan ogmantasyon ka COVID-19 yo nan lòt Eta yo.

**"El Marquez" nan 88-11 Roosevelt Avenue nan Queens, nan dat 11 out 2020**

Nan dat 10 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève ke yo te vann alkòl san manje nan kat tab separe deyò restoran an, nan vyolasyon enstriksyon egzijans sou manje yo. Yo te obsève de kliyan — gen ladan youn ki ap siyen karaoke — ki kanpe epi ki ap bwè san kouvèti pou figi. Yo te obsève tou yon manm nan pèsònèl sèvè yo san yon kouvèti pou figi. Biznis lan se yon residivis, kote anketè yo te obsève kliyan yo ap bwè epi rasanble deyò espas la apre kouvrefe 11 PM NYC a pou manje deyò nan dat 25 jiyè a. Anketè yo te jwenn tou kat anplwaye san kouvèti pou figi epi kote kwizin lan te fèmen.

**"880 Roy's Restaurant & Bar" nan 1951 Southern Boulevard nan Bronx, nan dat 10 out 2020**

Nan dat 9 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève omwen yon douzèn kliyan san kouvèti pou figi ki kanpe an gwoup devan restoran an, nan pwoksimite sere avèk kliyan yo ki chita sou tab yo. Yo te obsève yon kliyan ki ap bwè andedan espas la, nan vyolasyon restriksyon pou manje andedan yo ki an vigè depi 16

mas 2020 epi an akò ak Direktiv klè SLA a ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) la. Anketè yo te dokimante tou de anplwaye ki pa te pote kouvèti pou figi.

**"Angiolina's Restaurant" nan 1322A Jerome Avenue nan Bronx, nan dat 10 out 2020**

Nan dat 9 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève onz kliyan ki tap manje epi konsome alkòl, anpil nan yo kòtakòt, andedan espas la nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an vigè depi 16 mas 2020. Apre yo te deklare inisyalman ke yo tout se anplwaye, direktè a te admèt ke yo te reyèlman kliyan lè okenn ladan yo pa te kapab bay okenn prèv anplwa yo a.

**"Brasier Ceviche Wine Bar" nan 3775 10th Avenue nan Manhattan, nan dat 10 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a ak ofisye ki avèk Depatman Lapolis Eta New York (New York Police Department, NYPD) yo te obsève yon DJ ki te ap jwe mizik ki ekstrèmman fò deyò restoran an, nan vyolasyon pwovizyon sou bwi ke biznis ki gen lisans lan te dakò, sa ki te kreye yon atmosfè diskotèk avèk kenz kliyan ki te ap bwè epi ki te rasanble dirèkteman devan espas la. Anketè yo te dokimante de manm nan pèsonèl kwizin lan ak de kliyan andedan restoran an san kouvèti pou figi. Yo te jwenn tou ke etablisman an te ap vann ouka ilegalman, gen ladan ouka nikotin ke yo anpeche menm avèk yon pèmi ouka valid.

**"Mangu Patio" nan 122-07 15th Avenue nan Queens, nan dat 10 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève kenz kliyan ki te kanpe, ki te rasanble epi ki te melanje dirèkteman deyò ba a pandan yo ap konsome alkòl, kote yo inyore enstriksyon sou distans sosyal yo epi yo pa te pote kouvèti pou figi.

**"Solace Bar & Grill" nan 3496 Broadway ke yo rele 540 West 143rd Street nan Manhattan, nan dat 10 out 2020**

Nan dat 9 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève dis kliyan ki ap bwè epi ki rasanble dirèkteman devan espas la san kouvèti pou figi bò anviwon 12:50 AM, byen ta apre kouvrefe 11 PM pou manje deyò Vil New York. Yo te obsève plizyè anplwaye tou san kouvèti pou figi, avèk direktè restoran an ki ap di anketè yo li pa kapab kontwòle foul yo. Direktè a te admèt tou ke li te vann ouka san yon pèmi epi yo te jwenn espas la nan vyolasyon enstriksyon pou deyò Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) NYC a pou bloke twotwa a.

**"Beer Garden at Bohemian Hall" nan 29-01-19 24th Avenue nan Queens, nan dat 9 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo te avèti etablisman sa a ke kliyan yo pa otorize pou kanpe ak konsome alkòl deyò espas la. Pita nan lannwit sa a, anketè yo ki soti nan fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève ven kliyan ki te kanpe epi ki te ap bwè nan zòn deyò etablisman an, kote yo inyore enstriksyon sou distans sosyal yo san kouvèti pou figi. Anketè yo te antre nan restoran an pou jwenn yon ven kliyan anplis ki te kanpe nan liy pou bwason nan ba a, nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an vigè depi 16 mas 2020.

**"Lucky Seven Restaurant & Bar" nan 1447-1457 St. Nicholas Avenue nan Manhattan, nan dat 9 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève kenz kliyan ki te kanpe epi ki te ap konsome alkòl dirèkteman devan espas la. Pwopriyetè a, ki te prezan nan moman enspeksyon an, te deklare ke li pa te kapab kontwole foul la; sepandan, anketè yo te remake ke mizik ki te ekstrèmeman fò deyò a avèk limyè klinyotan te ap ankouraje kliyan yo rete ak rasanble. Anketè yo te dokimante tou senk anplwaye ki pa te pote kouvèti pou figi.

**"Café Espresso" nan 25-51A Steinway Street nan Astoria, nan dat 9 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève kenz kliyan ki te kanpe epi ki te ap bwè devan espas la, kote yo te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo — pifò ladan yo san kouvèti pou figi. Te genyen dis chèz ke yo te mete pou sèvis deyò san tab yo, epi yo te obsève pwopriyetè espas la ki pa te pote yon kouvèti pou figi.

**"The Hairy Lemon" nan 28-30 Avenue B nan Manhattan, nan dat 9 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève kliyan yo ki kanpe epi ki ap bwè san kouvèti pou figi deyò espas la epi yo te konfime ke espas la te ap eksplwate yon sèvis ki sanble ak yon ba, nan vann bwason bay plizyè kliyan san manje konsiderab.

**"Pyramids Hookah and Bar" nan 40-19 Bell Boulevard nan Queens, nan dat 9 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève douz kliyan ki te kanpe sou twotwa a deyò ba a, pi fò san kouvèti pou figi, ki ap bwè epi ki ap fimen ouka ilegalman, pandan yo rasanble ak melanje.

**"La Casa Del Mofongo" nan 1451 St. Nicholas Street nan Manhattan, nan dat 9 out 2020**

Nan dat 8 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève mizik ki ekstrèmeman fò ki ap soti nan espas la, sa ki ankouraje apwoksativman ven kliyan rasanble epi ap bwè devan etablisman an, pandan yo inyore enstriksyon sou distans sosyal yo epi san kouvèti pou figi. Anketè yo te dokimante kat anplwaye san kouvèti pou figi, gen ladan twa manm pèsonèl kwizin lan ak yon direktè. Anketè yo te remake tou katòz kliyan ki te kanpe nan liy pou tann yon sèvis tab apre kouvrefe 11 PM pou manje deyò nan Vil New York la.

**"Las' Lap" nan 74 Orchard Street nan Manhattan, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève apwoksativman vennsenk kliyan san kouvèti pou figi ki te chita, kanpe, epi ki mete ajenou bò tab ke yo te pouse ansanm anba yon ti tant, kote yo te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo. Andedan restoran an, anketè yo, te obsève uit kliyan — gen ladan de ki te chita — ki te ap manje ak bwè, sa kite te ilegal depi 16 mas 2020.

**"Dark Bullet Sake and Oyster Bar" nan 154 West 72nd Street nan Manhattan, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 3 out, anketè ak fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan andedan lokal la ki te ap bwè nan ba a epi ki te ap jwe biya san yo pa tap sèvi yo okenn manje. Lè anketè yo te antre, kenz kliyan te sòti imedyatman nan espas la avèk bwason alkowolik.

**"Spicy Moon Vegan Szechuan" nan 68 West 3rd Street nan Manhattan, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève apwoksativman katòz kliyan andedan espas la ki te ap bwè, gen ladan de nan ba a ak kat ki te ap danse. Anplis de sa, yo te obsève twa anplwaye san kouvèti pou figi. Deyò a, senk kliyan te kanpe epi te ap bwè san kouvèti pou figi.

**"Cielo Ristorante" nan 1435 Hylan Boulevard nan Staten Island, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan ki te chita sou tab yo andedan restoran an ap manje epi ap bwè alkòl nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an vigè depi 16 mas 2020.

**"The Wayland" nan 700 East 9th Street nan Manhattan, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève omwen 13 kliyan san kouvèti pou figi ki te kanpe deyò ba a, ki te rasanble epi ki te melanje. Anketè yo te remake tou ke yo te sèvi bwason nan yon tab deyò san manje.

**"Gold Room BK" nan 429 Rogers Avenue nan Brooklyn, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève de kliyan ki te ap manje ak bwè andedan espas la ak de lòt ki te kanpe nan ba a ap konsome alkòl. Anplis de sa, yo te obsève twa kliyan ak de anplwaye san kouvèti pou figi epi yo te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo.

**"Halsey Bar & Grill" nan 4404 Avenue H nan Brooklyn, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève de kliyan andedan restoran an ki te ap bwè alkòl ak plizyè anplwaye, gen ladan direktè a, san kouvèti pou figi. Yo te obsève sis kliyan ki te kanpe devan espas la kote yo te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo.

**"The Juicy Box" nan 2281 Nostrand Avenue nan Brooklyn, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève dis kliyan ki te kanpe, ki te ap bwè, epi ki te rasanble anba yon tant deyò espas la, kote yo te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo. Pwopriyetè a, ki te prezan nan moman enspeksyon an, ak plizyè nan anplwaye li yo pa te pote kouvèti pou figi. Anplis de sa, ofisye NYPD yo te rekipere fe datifis ilegal andedan espas la epi yo te bay yon sitasyon.

**"Aliada" at 29-19 Broadway nan Astoria, nan dat 8 out 2020**

Nan dat 7 out, anketè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan deyò a, ki te rasanble, ki te kanpe, epi te ap konsome alkòl, pwobableman pandan yo te ap tann pou yo chita. Anplis de sa, plizyè tab te ranje andedan an dekwa pou yo bay manje pandan yon gwo lapli.

**"Maiden Lane" nan 162 Avenue B nan Manhattan, nan dat 7 out 2020**

Nan dat 6 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève restoran an te ap vann alkòl pou konsomasyon nan espas la ak 'pou ale' avèk sèlman yon pake biswit zwit (oyster crackers) ki peze 0.5 ons — nan vyolasyon flagran egzijans Eta a ke yo dwe sèvi manje konsiderab pou limite moun melanje nan ba yo. Anketè yo te dokimante sis kliyan ke yo te ap sèvi nan yon ba aletaj nan yon fenèt deyò, apwoksativman disèt kliyan ki te ap bwè nan espas la avèk sèlman biswit, ak yon lòt kliyan ki te ap kòmande de magarita yo sèvi avèk chalimo epi san okenn manje, ki te answit kontinye mache lòt bò lari a epi monte nan yon machin.

**"14 East 47th Pub Inc." ke yo rele "Connolly's Pub" nan 14 East 47th Street nan Manhattan, nan dat 7 out 2020**

Nan dat 6 out, anketè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan ki te reyini deyò restoran an, ki te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo, epi ki te kanpe ap bwè nan veso ouvè anba je direktè restoran an.

**"Olivia's Restaurant & Lounge" nan 1854 Westchester Avenue nan Bronx, nan dat 7 out 2020**

Nan dat 6 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan ki te reyini deyò restoran an san kouvèti pou figi, avèk gwo mizik ki ap soti nan yon opalè sa ki ap ankouraje kliyan yo rasanble. Yo te wè kat kliyan kanpe epi ap konsome alkòl san kouvèti pou figi toupre zòn pou manje deyò epi yo te obsève de anplwaye san kouvèti pou figi.

**"Dominie's" nan 34-07 30th Avenue nan Astoria, nan dat 7 out 2020**

Nan dat 6 out, apre yo te fin avèti espas la pi bonè nan lannwit sa a konsènan anplwaye yo ki dwe pote kouvèti pou figi yo ak kliyan ki ap monte epi kòmande nan ba a, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te retounen pou yo jwenn kliyan nou yo kanpe epi ap konsome alkòl, de kliyan andedan an te ap kòmande bwason san manje nan ba a, epi pèsònèl kwizin lan san kouvèti pou figi.

**"Cloister Café" nan 238 East 9th Street nan Manhattan, nan dat 7 out 2020**

Nan dat 7 out, Biwo Cherif Vil New York (New York City Sheriff's Office) la te mande asistans nan men fòs entèvansyon milti-ajans Eta a nan etablisman sa a apwoksativman 12:30 AM — byen ta apre kouvrefe 11 PM NYC a. Anketè yo te jwenn restoran an ap fonksyone tankou yon diskotèk ak yon sal ouka avèk yon DJ an dirèk, li te dokimante anpil kliyan ki te inyore distans sosyal yo avèk liy kliyan ki rasanble devan espas la san kouvèti pou figi, omwen ven kliyan ki ap konsome alkòl andedan an anba yon twati fiks, epi okenn resi pou acha manje. Enspeksyon an te idantifye tranntwa vyolasyon siyifikatif sou ensandi ak sekirite lavi, avèk Biwo Cherif NYC a ki te emèt sèt sitasyon pou tribinal kriminèl.

**"Marie's" nan 5 Hyatt Street nan Staten Island, nan dat 6 out 2020**

Nan dat 5 out, anketè yo ak fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan ki te reyini deyò restoran an, ki te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo, ki te kanpe epi ki te ap bwè. Anplis de sa, anketè yo te jwenn yon sèvis ba aletaj ki ap vann bwason san manje, ak de anplwaye - gen ladan pwopriyetè a — san kouvèti pou figi. Lè anketè yo te pale avèk pwopriyetè a, li te ensiste ke li pa oblije pote yon kouvèti pou figi nan pwòp etablisman li an, nan vyolasyon dirèk dekrè Gouvèn a.

**"Phoenix Bar and Restaurant" nan 1404 Ogden Avenue nan Bronx, nan dat 6 out 2020**

Nan dat 31 jiyè, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te kapab tande mizik ki eksèsivman fò pandan yo te ap apwoche espas la, yo te obsève yon ajan sekirite san kouvèti pou figi ak sis kliyan ki te ap bwè nan yon espas paking ke yo te konvèti nan yon diskotèk. Anketè yo rapòte restoran an te ap fonksyone esansyèlman kòm yon sal ouka avèk yon DJ an dirèk, li te ap sèvi alkòl san okenn manje nan kwizin lan, epi avèk senk anplwaye — an plis DJ a ak sèvi ouka a — san kouvèti pou figi.

**"The Village Green" nan 14-17 150th Street nan Queens, nan dat 6 out 2020**

Nan dat 5 out, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te jwenn pòt espas la fèmen, avèk rido yo desann epi yon pano ki anpeche moun wè andedan an. Anketè yo te kapab antre nan espas la lè yon anplwaye ki ap retire fatra - gen ladan boutèy alkòl — te ouvri pòt devan an. Andedan an, anketè yo te dokimante kat kliyan ki te ap bwè andedan an nan ba a san yo pap sèvi manje ak yon bamann nan pwoksimite sere ak kliyan yo san yon kouvèti pou figi.

**"Ponte Vecchio Restaurant" nan 8810 4th Avenue nan Brooklyn, nan dat 6 out 2020**

Nan dat 5 out, anketè ak fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te obsève douz kliyan ki te chita andedan restoran an, sa ki te ilegal depi 16 mas 2020. Anketè yo te remake tou apwoksimativman dis kliyan san kouvèti pou figi ki ap mache soti andedan restoran pou ale nan teras dèyè a.

**"Elliot's" nan 23 Woodcleft Avenue nan Freeport, nan dat 6 out 2020**

Bò apwoksimativman 6:30 PM nan dat 5 out, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te obsève plizyè kliyan ki te ap mache ozalantou epi ki te ap bwè nan yon ba deyò, pèsònèl kwizin yo san kouvèti pou figi, epi administrasyon an te ap sèvi kliyan yo alkòl san manje. Apre li te tante inisyalman pou pase resi ki falsifye avèk kòmman manje, direktè a te admèt li te fabrike yo epi ke espas la te ap eksplwate yon sèvis ba. Malgre yo te kenbe li avèk plizyè vyolasyon bonè nan lannwit sa a, espas la te kontinye ap konfisyone epi lè anketè yo te retounen de èdtan pita, yo te jwenn apwoksimativman 100 kliyan antase nan espas la. Anketè yo te kontakte Depatman Lapolis Freeport (Freeport Police Department) epi, lè lapolis te rive, yo te jwenn swasant nèf kliyan ki te kanpe kòtakòt nan espas deyò ba a ki te gen foul moun, ki ap bwè epi ki te inyore distans sosyal la.

**"Gran Torino" nan 131 Berry Street nan Brooklyn, nan dat 6 out 2020**

Nan dat 4 out, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève sis kliyan nan twa tab separate ki te ap manje ek bwè andedan an, nan vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki pa pèmèt sèvis andedan yo nan NYC.

**"The End Zone" nan 149-44 14th Avenue nan Queens, nan dat 6 out 2020**

Nan dat 5 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève de kliyan andedan lokal la ki te ap manje epi bwè nan ba a san kouvèti vizaj.

**"Bestia Kitchen" nan 1353 Edward L Grant Highway nan Bronx, nan dat 5 out 2020**

Nan dat 31 jiyè, anketè yo te obsève uit kliyan ki te kanpe devan espas la, anplis de kat anplwaye — gen ladan direktè a — san kouvèti pou figi. Mizik fò te ap jwe deyò a, sa ki ankouraje kliyan yo rasanble epi pou machin yo pake doub devan etablisman an, avèk anketè yo ki te dokimante yon sèvè, ki pa te pote yon mask, ki te ap livre bwason bay youn nan machin ki te pake yo san manje. Anketè yo te dokimante tou twa kliyan andedan espas la, youn te ap bwè alkòl epi de te ap fimen ouka.

**"O'Side Restaurant & Lounge" nan 1472 Ogden Avenue nan Bronx, nan dat 5 out 2020**

Nan dat 2 out, anketè yo te obsève yon atmosfè tankou yon diskotèk ki te gen gwo foul moun dirèkteman devan espas la, avèk gwo mizik, anpil kliyan ki te bloke twotwa a, ki te ap bwè, ki te melanje, ki te kanpe, epi ki te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo. Anplis de sa, yo te obsève yon ajan sekirite san kouvèti pou figi.

**"Anaiiah Restaurant" nan 744 Myrtle Avenue nan Brooklyn, nan dat 5 out 2020**

Nan dat 30 jiyè, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève 15 kliyan ki te ap bwè epi ki te ap fimen ouka nan yon anga yo konstwi nan lakou dèyè espas la. Restoran an pa te genyen okenn sèvis manje nan moman enspeksyon an, avèk anketè yo ki te dokimante tou twa anplwaye san kouvèti pou figi.

**"Signature & Faberge" nan 2007-2011 Emmons Avenue nan Brooklyn, nan dat 5 out 2020**

Nan dat 24 jiyè, ofisye NYPD yo te obsève apwoksimativman 150-200 kliyan devan ak andedan espas la a 1:30 AM, nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a epi nan lè ki depase 11 PM apre kouvrefe pou manje deyò Vil New York la. NYPD a rapòte yo te emèt anpil avètisman bay etablisman an, avèk restoran an ki te egzije prezans konstan lapolis pandan wikenn yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)